

**WANITA LANYAH SAJRONE CERBUNG MECAKI LURUNG KANG ILANG ANGGITANE
ISMOE Rianto**

TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA

Apriani Adining Budi, Drs. Bambang Purnomo, M.S

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

adhienjedhul@gmail.com

Abstrak

Wanita lanyah minangka wanita kang penggaweyane masrahne utawa ngedol awake marang priya sapa wae banjur nglakoni tumindak nistha kanggo golek panguripan. Pelanyahan dhewe iku minangka *fenomena* sosial kang tuwuh saben jaman lan kahanane manungsa. Wanita kang nyambut gawe ing donyane pelanyahan nuwuhake prekara-prekara kang ana ing bebrayan. Wanita lanyah kerep didadekake objek kanggo ngripta karya sastra dening pangripta.

Pangripta kang ngripta salah sawijining karya sastra kanthi objek wanita lanyah kasebut kadhang kala ngaca saka akehe prekara-prekara sosial sajrone panguripane manungsa. Anane pelanyahan ora gampang kanggo dipungkasi utawa diilangne. Jagading pelanyahan paling ora bisa ngonceki prekara-prekarane manungsa sing dadi wanita lanyah sarta uga bisa ndadekake kacabenggala saben masyarakat. Panliten iki uga bakal njlentrehake wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitane Ismoe Rianto kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra.

Underane panliten iki yaiku (1) kepriye gegambarane crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*; (2) kepriye aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*; (3) kepriye aktualitase ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Selaras karo undere paliten dingerteni tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake crita ngenani jagading pelanyahan; (2) ngandharake aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan; sarta (3) njlentrehake gegayutane aktualitas ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan ing bebrayan. Paedahe panliten yaiku ngrembakake panliten sastra mligine sastra Jawa modern, bisa nambahi kawruh tumrap pamaca lan bisa didadekake bahan rujukan dening panliti sabanjure.

Metodhe sing digunakake sajrone panliten yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten arupa cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* lan koran-koran. Dhatane panliten yaiku frase, tembung lan ukara sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Olehe nglumpukake dhata kasebut digunakake teknik kapustakan. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata digunakake metodhe deskriptif analisis kanthi tintingan sosiologi sastra.

Asile panliten iki bisa diperang dadi telu adhedhasar underane panliten. Sepisan, crita ngenani jagading pelanyahan kasebut bisa diperang kanthi pendekatan struktural kang mbiyantu ngonceki gegambarane wanita lanyah kang ditintingi karo tintingan sosiologi sastra iku bisa diperang dadi loro, yaiku (1) pamaragan; (2) alur. Aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung kasebut ana telu yaiku (1) pawadan wanita nglanyah; (2) kahanane wanita lanyah; (3) pungkasane wanita lanyah. Gegayutane aktualitas ing jagading pelanyahan sajrone cerbung karo kanyatan ing bebrayan ana loro (1) pawadane wanita nglanyah sajrone cerbung lan ing bebrayan; (2) pungkasane wanita lanyah sajrone cerbung lan ing bebrayan.

Tembung wigati: crita jagading pelanyahan, aspek sosiologis pelanyahan, aktualitas pelanyahan

PURWAKA

Landhesane Panliten

Wanita lanyah minangka wanita kang penggaweyane masrahne utawa ngedol awake marang priya sapa wae banjur nglakoni tumindak nistha kanggo golek panguripan. Pelanyahan dhewe iku minangka *fenomena* sosial kang tuwuh saben jaman lan kahanane manungsa. Wanita kang nyambut gawe ing donyane pelanyahan nuwuhake prekara-prekara kang ana ing bebrayan.

Wanita lanyah kerep didadekake objek kanggo ngripta karya sastra dening pangripta. Pangripta kang ngripta salah sawijining karya sastra kanthi objek wanita lanyah kasebut kadhang kala ngaca saka akehe prekara-prekara sosial sajrone panguripane manungsa. Anane pelanyahan ora gampang kanggo dipungkasi utawa diilangne. Para pangripta kang ngripta karya sastra kanthi objek pelanyahan wis akeh sing kasebar karya-karyane. Mula saka kuwi, akeh para pawongan kang nliti salah sawijining karya sastra kanthi objek pelanyahan banjur dirapake sajrone panguripan ing bebrayan.

Senajan mangkono, donyane pelanyahan paling ora bisa ngonceli prekara-prekarane manungsa sing dadi wanita lanyah sarta uga bisa ndadekake kacabenggala saben masyarakat. Sawise Indhonesia mardika, kagiyatan lan ngrembakane *prostitusi* tuwuh terus.

Akeh pawadan kang njalari wanita iku nyambut gawe minangka wanita lanyah. Kacingkrangan biyen sing dadi panyabab utama amarga sepisanan Indhonesia mardika iku prekara kacingkrangan isih paling utama sajrone panguripane manungsa. Saka akehe sabab-sabab kang njalari wanita dadi wanita lanyah, ndadekake papan-papan panglipur ing Indhonesia ana wanita lanyahe (Lamijo, 2009:anneahira.com).

Wanita lanyah kang saben dina amung masrahake awake kanggo para priya ndadekake prekara sajrone bebrayan kang kudu dipungkasi utawa diilangne. Wanita lanyah kang nyambut gawe ing donyane pelanyahan ana maneka warna. Ana kang nyambut gawe ing *lokalisasi* kaya ta dolli yaiku papan kanggo wanita lanyah kang masrahake awake marang para priya sapa wae sing teka kanthi tujuwan nindakake *maksiyat*. Saliyane iku wanita lanyah uga bisa ditemokake ing papan-papan panglipur kaya ta *karaokean*, *cafe*, *bar*, lan sapanunggalane. Ing warung-warung kopi utawa panti pijet kadhang kala uga ana wanita lanyah kang ngedol awake marang wong lanang-lanang (Dandona R, 2005:anneahira.com).

Sesambungan karo bab iku, cundhuk karo Wellek lan Warren (1990:119) kang ngandharake menawa sastra kuwi kacabenggala lan wujud *ekspresi* panguripane manungsa. Sastra minangka asil budhaya, dadi salah sawijining kabutuhane masyarakat. Kejaba kuwi wis kasumurupan sastra nduweni tujuwan kanggo ngandharake maksud tartamtu, lan karya sastra iku raket banget gandheng cenenge karo kahanan panguripan (Hutomo, 1993:23).

Karya sastra akeh banget kang nggambarake kahanan ing masyarakat. Karya sastra iku nggambarake panguripane manungsa sajrone bebrayan. Kaya-kaya karya sastra iku duweke masyarakat amarga obyek saka karya sastra iku manungsa sajrone masyarakat. Kaya sing wis diandharake mau yen karya sastra akeh kang nggambarake prekara-prekara sosial sajrone bebrayan. Salah sawijining kang digambarake yaiku ngenani pelanyahan. Saka kahanan kasebut sastrawan bisa mujudake dadi sawijining karya sastra kaya ta cerbung, novel, cerkak, lan liya-liyane (Nurgiyantoro, 2005:25).

Akeh karya sastra kang nyritakake pelanyahan lan paraga-paraga kang dadi wanita lanyah. Ing kene ana novel kanthi irah-irahan *Saat cinta Berhijrah* anggitané Andi Bombang. Novel kasebut awujud novel kang basane basa Indhonesia. Ing novel kasebut nyritakake prekara wanita kang nduweni prekara

karo kulawargane banjur golek dalan kang nistha yaiku dadi wanita lanyah. Novel kanthi irah-irahan *Kremil* anggitané Suparto Brata uga nyritakake prekara pelanyahan. Ana novel *Carang-Carang Garing* anggitané Tiwiek, S.A uga ana ngrembug prekara wanita lanyah. Ana novel kanthi irah-irahan *Astirin Mbalela* anggitané Suparto Brata. Novel kasebut nyritakake *perdagangan perempuan/trafficking*. Saliyane novel uga ana cerbung kanthi irah-irahan *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitané Ismoe Rianto. Cerbung kasebut nyritakake prekara wanita lanyah kang pengin metu saka donyane pelanyahan.

Para pangripta karya sastra kanthi objek pelanyahan, akeh karya sastra sing awujud novel, cerbung, cerkak dadi objek panliten. Salah sawijining karya sastra kang bakal dadi objek panliten iki yaiku cerbung anggitané Ismoe Rianto kanthi irah-irahan *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Saka akehe karya sastra kang awujud novel lan cerbung kang ngrembug prekara wanita lanyah, ing kene sing narik kawigaten olehe bakal diteliti yaiku cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitané Ismoe Rianto.

Cerbung kasebut kang narik kawigaten yaiku ana sabab-sabab paraga-paraga wanita bisa ana ing donyane pelanyahan. Saliyane iku kang narik kawigaten yaiku carane wanita kang kepengin mentas saka donyane pelanyahan. Cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* nyritakake wanita kang sadurunge dadi wanita sing nduweni kinormatan banjur drajate mudhun dadi wanita lanyah amarga ana salah sawijining prekara sajrone uripe banjur bisa nyemplung ing jagading pelanyahan.

Pelanyahan dhewe kalebu ing prekara sosial ing masyarakat. Bab kuwi cundhuk karo aspek-aspek sosiologi kang nyinaoni panguripan ing bebrayan kanthi objeke masyarakat. Sosiologi dhewe nduweni teges maneh yaiku telaah ngenani manungsa sajrone masyarakat, ngenani *fenomena* sosial lan uga ngenani proses sosial. Sosiologi ora mung nggoleki prekara-prekara ing masyarakat, nanging saiki wis digunakake sajrone ilmu sains, sastra, hukum lan sapanunggalane (Fuady, 2010:1).

Cerbung kanthi irah-irahan *Mecaki Lurung Kang Ilang* kasebut nyritakake paraga Lely minangka wanita lanyah, sing nduweni niat kang apik pengin dadi wanita biasa lan mentas saka donyane pelanyahan. Cerbung kasebut nengenake prekara-prekara sajrone panguripane manungsa. Saka prekara-prekara kang diadhepi dening paraga-paraga sajrone cerbung kasebut, nuwuhake banjur mrabawani aspek sosiale.

Cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitané Ismoe Rianto iki nengenake aspek-aspek sosiologise para paragane. Lely minangka paraga wanita kang nyambut gawe dadi wanita lanyah sing nduweni niyatan mentas saka donyane pelanyahan. Sadurunge

dadi wanita lanyah, Lely nduweni sisihan yaiku Tanoto. Nalika Tanoto slingkuh, banjur konangan dening Lely. Lely ninggalake omah banjur ketemu wong jenenge Jarot. Jarot minangka paraga lanang sing gaweyane golek wanita banjur didol marang germono ing Wisma Dahlia. Pungkasane Lely kepeksa dadi wanita lanyah lan saben dina nindakake penggaweyan kang nistha karo para priya sig dudu sisihane.

Babagan pelanyahan iki pancen ora ana enteke yen dirembug. Ing kene, obyek kang bakal didadekake panliten yaiku cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitane *Ismoe Rianto* kang dicekak dadi MLKI. Cerbung kasebut ngandhut salah sawijining prekara sosial ing bebrayan yaiku pelanyahan. Saka andharan kasebut, mula irah-irahane sajrone panliten kang arep diteliti yaiku *Wanita Lanyah* sajrone Cerbung MLKI kanthi Tintingan Sosiologi Sastra.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wus diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI?
- (2) Kepriye aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI?
- (3) Kepriye aktualitase ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuan panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Ngandharake crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI.
- (2) Ngandharake aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI.
- (3) Ngandharake aktualitase ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kang diajab bisa ana gunane, kaya ing ngisor iki:

- (1) Pamaos
Sajrone panliten iki bisa nambahi kawruh lan pamawas ngenani babagan analisis karya sastra, mligine panliten kang nggunakake tintingan Sosiologi sastra. Tumrap pamaos uga bisa didadekake studi bandhingan karo tulisan-tulisan liyane.
- (2) Piwulangan sastra
Ing kene uga anak paedah kanggo piwulangan sastra, mligine kanggo para Mahasiswa. kaajab bisa

migunani kanggo panliten sing sabanjure. Bisa nambah krenteg kanggo mahasiswa kang arep nindakake panliten karya sastra.

Watesane Tetembungan

- 1) Wanita Lanyah : Wanita kang masrahake awake kanggo nglakoni tumindak nistha yaiku ngedol awake marang wong lanang sapa wae sing pungkasane dibayar dening wong lanang kasebut (Lamijo, 2009).
- 2) Sosiologi sastra : Salah sawijining teori kang nganalisis kanthi cara langsung antarane sastra lan masyarakat (Ratna, 2003:3).
- 3) Aspek Sosiologis : Aspek kang objeke masyarakat lan ngandhut prekara- prekara sosial ing bebrayan (Faruk, 2010:22).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Perdagangan Wanita/Trafficking

Perdagangan wanita utawa sinebut *Human Trafficking* yaiku salah sawijining tumindak nistha kang angel kanggo dilereni utawa diresiki saka negara iki. Masyarakat dhewe uga nyebut tumindak sing kaya mangkono minangka wujud tumindak kang nyepelekake *Hak Asasi Manusia* (HAM). *Perdagangan wanita* tuwuh kanthi cara nasional sarta uga internasional. Kaya dene majune *teknologi, informasi, komunikasi* lan *transportasi*, mula saya tuwuh terus *perdagangan wanita* kasebut. Korban-korban saka *perdagangan* kasebut ora mung wanita, nanging uga ana bocah cilik utawa bayi. Saka akehe kedadayan sing ana ing negara iki, wanita kang dadi sasaran kanggo didagangake (Andy, 2004:esaunggul.ac.id).

Perdagangan wanita utawa *trafficking* yaiku tumindak kang arupa nyulik, mindhah, ngirim utawa nrima wanita karo ngincim, tumindak deksiya, ngapusi lan liya-liyane. Tumindak kasebut memper karo dol tinuku samubarang sing ditindakake marang pawongan kang nduweni watak ala kaya ta germono, calo, mucikari lan sapanunggalane (Karnoto, 2009:blogspot.com).

Trafficking miturut Laelatul (sajrone Darni, 2012:33) yaiku tumindak ngirim, dol tinuku pawongan, nyulik, ngapusi wong kanthi alasan arep diwenehi penggaweyan, nanging malah diapusi lan diwenehake ing panggonan kang nistha. Korban *perdagangan/trafficking* iku biasane akeh-akehe wanita.

Ana limang golongan kang dadi kongkongan kanggo nggolek korban *perdagangan wanita*, yaiku kulawarga, kanca, utawa wong liya (tukang becak, ojek, lan mucikari). Biasane pawongan sing seneng golek wanita kanggo didol marang germono-germono lan diwenehake ing panggonan nistha kasebut, nduweni cara supaya wanita iku gelem. Calo minangka sebutan kanggo

wong sing senengane golek lan ngedol wanita. Wanita kang urip sajrone kulawarga ora nduwe biasane dadiincerane calo. Sawise calo bisa nglumpukake wanita sing digawa, banjur didadekake wanita lanyah. Kabeh wanita dipeksa supaya gelem ngladeni wanita lan ora entuk mentas saka donyane pelanyahan (Darni, 2012:35).

Deksiya Tumrap Wanita lan Pelecehan Seksual

Deksiya tumrap wanita awujud tumindak kang nyata merga anane *diskriminasi* tumrap wanita. Ana maneka werna wujud kakejeman tumrap wanita yaiku priya sing ngruda peksa wanita. Tumindak sing kaya mangkono kuwi minangka deksiya sing paling nistha. Anane pawadan sosio budhaya, yaiku ana *diskriminasi* tumrap wanita lan *patriarkhi* ndadekake para priya dadi panguwasa. Iku kabeh nyebabake wanita ana ing panggonan kang dadi korban deksiya

Ana deksiya tumrap wanita uga kedadeyan sajrone kulawarga, biasane sinebut *kekerasan dalam rumah tangga* (KDRT). Deksiya sajrone bale wisma akeh-akehe ora bisa dirampung. Miturut Hartiningsih (sajrone Darni, 2012:11) kanyatan kasebut disababake jalaran wanita sing manut marang para priya utawa sisihane.

Pawongan sing nindakake deksiya uga ana dhasare. Akeh *motif-motif* kang ndadekake pawongan kasebut nglakoni deksiya. Salah sawijining motif kasebut yaiku *motif ekonomi* lan *sosio budhaya*. *Motif ekonomi* kasebut kang narik kawigatene calo kanggo golek wanita sing bisa didadekake wanita lanyah. Wanita sing urip kacingkrangan biasane langsung gelem menawa dipameri dhuwit lan penggaweyan sing ngasilake bayaran gedhe. Pranyata kabeh mau amung iming-iminge calo supaya wanita iku bisa manut marang dheweke.

Motif kaloro yaiku sosio budhaya kang bisa ndadekake anane deksiya, *pelecehan seksual*, lan liya-liyane. Kang bisa nyengkuyung motif kasebut yaiku ora anane kawigaten saka masyarakat tumrap deksiya, mula isih akehe deksiya nganti dina iki. Ana maneh budhaya kang ndadekake parab priya dadi panguwasane tumrap wanita. Saya akehe medhia panglipur kang gaweyane weruh film-film ngenani deksiya (Darni, 2012:14). Semono uga ing donyane pelanyahan uga ana deksiya menawa wanita lanyah kasebut ora gelem manut karo apa sing wis dijuluk marang para priya sing mbayar dheweke.

Pelanyahan

Wanita ing ngendi-ngendi papan narik kawigaten kanggo dirembug. Apa maneh yen ana sesambungane karo solah bawane. Ing bebrayan, akeh wanita sing ngalami diskriminasi. Wanita mung didadekake objek lan ora diwenehi kesempatan apa-apa. Mula saka kuwi akeh wanita sing takon dadi wanita kuwi

anugrah utawa kutukan (Handayani, 2004:21).

Wanita pancen dadi topik kang utama lan narik kawigaten kanggo bahan pirembugan. Panyebabe anane tumindak deksiya tumrap wanita ing fiksi Jawa Modern ana telu. Panyebab tumindak deksiya tumrap wanita yaiku: 1) panganggepe para priya marang wanita sing bisane mung neng pawon, 2) wanita kang mesthi gumantung marang priya, lan 3) pendhidhikan lan kacingkrangan (Darni, 2012:95). Saka kene kabukti yen wanita isih durung bisa uwal saka garis kodrate minangka wanita. Kaya unen-unen *wanita kuwi swarga nunut, neraka katut*. Tegese yaiku sakabehane kang diduweni para priya (sugih utawa mlarat) wanita mung bisa nrima. Panganggep-panganggep kaya mangkene iki saiki rada suda amarga kamajuan jaman. Kamajuan jaman kang nyebabake owahe budhaya Jawa.

Pelecehan seksual kalebu kedadeyan kang kerep ditrima dening wanita. *Pelecehan seksual* uga wis dadi *fenomena* kang ora anyar maneh kanggone wanita kang urip ing masyarakat. *Pelecehan seksual* kalebu salh sawijining tumindak kang nistha (Lawlin, 2010:wikipedia/pelecehanseksual.com).

Tumindak *pelecehan seksual* ing bebrayan wis ora bisa *ditoleransi* kahanane. *Pelecehan seksual* biasane ditindakake dening priya marang wanita. Tumindak *pelecehan* kang ditindakake dening priya amarga anane panemu yen wanita nduweni kalungguhan luwih asor katimbang wanita. Wanita kerep dianggep ora bisa makarya luwih becik katimbang para priya. Saliyane iku, wanita dhewe uga nganggep para priya luwih profesional olehe makarya katimbang wanita. Kahanan kang kaya mangkono mung bisa ditrima dening wanita kanthi pasrah lan legawa. Pasrah lan legawane wanita marang *diskriminasi* kalungguhan bisa nuwuhake tumindak kekuwasane priya kanggo ngunggahahi lan nglecehake wanita.

Pelecehan seksual, *diskriminasi* lan prekara-prekara batin iku kabeh bisa ndadekake wanita jaman saiki nglakoni tumindak kang nistha. Pelanyahan minangka penggaweyan kang paling nistha miturut agama lan pawongan ing donya iki. Ana rong prekara sing njalari para wanita bisa nyambut gawe ing pelanyahan. Sing sepisan yaiku wanita kasebut ora nduwe pilihan liya maneh kajaba dadi wanita lanyah amarga ngrasa uripe wis ora ana gunane. sing kapindho yaiku wanita sing ora bisa dinalar pikire utawa edan sarta ana maneh wanita kang dipeksa ngedol awake karo wong liya utawa diapusi pawongan sing ngakune arep menehi penggaweyan, nanging malah diwenehake ing donyane pelanyahan. Wanita sing kaya mangkono iku jalaran kepeksa merga ora nduwe dhuwit lan kepengin urip penak. Akeh cara liya saliyane ngedol awak, nanging arpe piye maneh saiki donya wis bubrah.

Wanita kang ana sajrone cerbung MLKI iku bisa dadi wanita lanyah amarga diapusi dening pawongan sing dikenal ing terminal. Dheweke ditawani penggaweyan sing bisa gawe sangu uripe. Pungkasane wanita kasebut malah diwenehake ing donyane pelanyahan banjur dadi wanita lanyah. Ora nyangka uripe saya suwe saya dipenakake anggone dadi wanita lanyah, jalaran wanita kasebut wis kadhung teles mlebu ing donyane pelanyahan.

Pendekatan Struktural

Pendekatan struktural ora bisa ditinggalake yen arep nganalisis sawijining karya sastra. Teeuw (1988:135) ngandharake yen analisis struktural ditujokake kanggo nintingi karya sastra kanthi detail, tliti, lan premati, saengga bisa ngerteni makna karya sastra kanthi sawutuhe. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metodhe analisis kang selaras klawan sipat lan struktur.

Sawijining karya sastra, fiksi, utawa puisi, miturut kaum strukturalisme yaiku sawijining totalitas sing diwangun kanthi maneka werna unsur pembangune. Ing kene, ana struktur karya sastra bisa ditegesake dadi susunan, negesake, lan gambaran sakabehe bahan lan perangan sing kanthi bebarengan mujudake samubarang kang endah (Nurgiyantoro, 2007:36). Analisis struktur karya sastra, kang ana sajroning karya fiksi, bisa ditindakake lumantar identifikasi, nintingi, lan njlentrehake fungsi lan gegayutane antarane unsur intrinsik fiksi kang dirembug (Nurgiyantoro, 2005:37).

Cerbung sajrone Kasusastran Jawa

Cerbung yaiku awujud crita sing ora mung sepisan dipacak ing majalah utawa kalawarti-kalawarti liyane, nanging uga kapacak bolak-balik. Cerbung arupa genre kang awujud prosa. Crita sambung utawa cerbung nduweni struktur kang padha karo novel, cerkak utawa roman, yaiku nduweni tema, amanat, pamaragan, alur, lan setting sajrone crita. Bedane, cerbung kapacak saben perangan critane kanti urut ing majalah utawa kalawarti liyane. Karya sastra sing bisa ditliti ora mung awujud novel, cerkak lan sapanunggalane, nanging uga ana cerbung kang narik kawigaten.

Salah sawijining karya sastra Jawa modern kang awujud prosa lan narik kawigaten salah sijine yaiku cerbung. Cerbung uga bisa narik kawigaten panulis lan pamaca. Crita sambung bisa ngandhut crita-crita kanthi tema apa wae. Cerbung bisa ditemokake ana ing kalawarti-kalawarti Jawa kaya ta Panjebur Semangat, Jaya Baya, Jaka Lodhang lan liyane. Panulis cerbung iki saka maneka warna kalangan. Saka dosen, mahasiswa, guru, siswa nganti masyarakat biasa uga bisa nulis karya sastra awujud cerbung. Cerbung minangka karya sastra kang akeh nyritakake babagan prekara-prekara manungsa

sajrone panguripan (Nurgiyantoro, 2000:2).

Sosiologi

Sosiologi asale saka tembung sosio (Yunani) yaiku *socius* kang tegese bebarengan, nyawiji lan logi yaiku *logos* kang tegese omongan, pepindhan. Sosiologi iku tegese ilmu ngenani asal muasal lan pangrembakane bebrayan, kawruh kang nyinaoni ngenani sesambungan antarane manungsa sajrone masyarakat ing bebrayan kang asipat umum lan nyata (Ratna, 2010:1). Sosiologi yaiku telaah ngenani manungsa sajrone masyarakat, ngenani *fenomena* sosial lan uga ngenani proses sosial.

Sosiologi minangka ilmu kang nyinaoni bab panguripan masyarakat kang asipat *kritis*, *skeptis* lan *sistematis*. Ilmu kasebut nliti struktur manungsa ing donyane sosial. Sosiologi uga ana bab kang nyinaoni prekara-prekara sing gedhe kaya ta kacingkrangan, pelanyahan, lan liya-liyane. Saliyane iku, sosiologi uga nyinaoni prekara-prekara sing cilik lan asipat kritis (Sunarto, 2011:18).

Sosiologi Sastra

Wellek lan Warren (1989) merang sosiologi sastra dadi telung pamerakan yaiku sosiologi pangarang, sosiologi karya lan sosiologi pamaca. Sosiologi pangarang munjerake ing bab status sosial, ideologi sosial sing nduweni sesambungan karo pangarang, dene sosiologi karya munjerake ing prakara karya sastra iku dhewe, sosiologi pamaca nengenake pamaca lan daya pangaribawane aspek sosial karya sastra (Wellek lan Warren sajrone Faruk, 1999:4).

Laurenso lan Swigewood kang dikutip dening Endraswara (2008:79) ngandharake ana telung perspektif sing ana gegayutane karo sosiologi sastra, yaiku: (1) Panliten sosiologi sastra nganggep karya sastra minangka dhokumen sosial kang ing njerone kinandhut refleksi situasi kang gegayutan karo wektu sastra iku diciptakae; (2) Panliten sosiologi sastra kang ngandharake sastra minangka kaca benggala kahanan sosial pangripta karya sastra; (3) Panliten sosiologi kang ngandharake sastra minangka manifestasi prastawa sejarah lan sosial budaya.

Sosiologi sastra yaiku analisis karya sastra kang nggayutake karo masyarakat, dadi modhel analisis kang bisa dilakoni ana telung perkara, kaya ta: (1) ngrembug karya sastra iku dhewe, banjur asile digayutake karo kanyatan kang tau dumadi. Umume diarani minangka aspek ekstrinsik, modhel gayutan kang dumadi diarani refleksi, (2) Padha karo ing dhuwur, nanging kanthi cara nemokake gayutan antarstruktur, dudu aspek-aspek tartamtu, kanthi modhel gayutan kang asipat dialektika, (3) nganalisis karya sastra kanthi ancas kanggo nemokake tatanan tartamtu, ditindakake dening

disiplin tartamtu. Modhel analisis iki kang umume ngasilake panliten karya sastra minangka gejala sosial (Ratna, 2011:339-340).

Ian Watt (sajrone Damono, 1978:3) uga ngandharake menawa sosiologi sastra iku kaperang dadi telu, yaiku: (1) konteks sosial pangripta, kang ditliti yaiku status sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta, lan masyarakat kang ditunjuk pangripta, (2) sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat, (3) fungsi sosial sastra, kang ditliti yaiku gegayutan antarane nilai-nilai sosial utawa nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap karya sastra.

Landhesane Analisis

Kanggo ngonceki prekara saka underane panliten diperlokake teori-teori kang bisa digunakake. Underane panliten kang sepisan yaiku bab crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI nggunakake pendekatan struktural kanggo ngonceki bab kasebut. Underane panliten kaloro yaiku bab aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI nggunakake teori sosiologi sastra kang diandharake dening Wellek lan Waren yaiku sosiologi karya munjerake ing prakara karya sastra iku dhewe.

Underan panliten kaping telu yaiku bab aktualitas ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan bisa dionceki kanthi nggunakake teori sosiologi sastra kang diandharake dening Ian Watt. Konsep nomer loro kang diandharake dening Ian Watt yaiku ngrembug karya sastra iku dhewe, banjur asile digayutake karo kanyatan kang tau dumadi. Sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat

Perangan sing bakal luwih ditengenake ing kene ing bab sastra minangka gegambarane bebrayan. Saka jlentrehan mau, panliten kang arep ditindakake iki ngenani pelanyahan kanthi tintingan sosiologi sastra kaajab bisa menehi wangsulan saka underane panliten lan bab-bab sing kepengin diwedharake sajrone panliten.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki bakal nggunakake metodhe deskriptif kualitatif kanggo nintingi cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Ana telung peranan sing bisa ditindakake sajrone nindakake panliten kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Sajrone tintingan kasebut, kang bakal digunakake yaiku teorine Ian Watt kaping loro yaiku menawa sastra minangka kacabenggala kanggo masyarakat. Sepisan, weruh crita ing jagading

pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Sawise iku, panliten diterusake kanthi nggoleki aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung kasebut. Pungkasan, yaiku nemokake gayutan antarane aktualitas ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan sajrone bebrayan.

Sumber Dhata lan Dhata

Sajrone panliten iki sing dikarepake yaiku asale subjek saka dhata sing dijupuk. Perangan iki wigati banget sajrone panliten. Yen ora ana kalorone panliten ora bakal bisa dilakoni amarga ora ana sing arep ditliti.

Sumber Dhata

Sumber dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitané Ismoe Rianto. Cerbung kasebut critane akeh kang ngandhut prekara-prekara sosial sajrone bebrayan, nanging panliten kanga rep ditindakake iki nganalisis prekara sosial yaiku pelanyahan. Saliyane cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*, ana maneh koran lan internet kang dadi sumber dhata kanggo panliten kang bakal ditindakake iki.

Dhata

Dhata minangka objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku frase, tembung, ukara lan wacana kang gegayutan karo underane panliten. Sepisan, gegayutan karo crita ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung kang Ilang*. Ing crita kasebut bakal dianalisis ngenani dhata kang awujud paraga kang dadi wanita lanyah lan konflik crita sajrone cerbung kasebut.. Sing kaloro, dhata kang bakal meruhi aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan kanthi cara nggoleki apa wae kang njalari, kahanane wanita lanyah, banjur cara mentase saka jagading pelanyahan sajrone cerbung kasebut. Sing pungkasan yaiku gegayutane pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan ing bebrayan. Ing pungkasan iki, dhata kang bakal didadekake ing panliten iki yaiku ngenani aktualitase ing jagading pelanyahan yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten sing digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata lan nulis panliten iki. Mula saka iku, panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijining kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake

samubarang kanggo asil panlitene.

Hasan (1990:15) ngandharake ana kaluwihan-kaluwihan sing bisa diasilake saka panliten sing nggunakake manungsa minangka instrumen sajrone nindakake panliten. Kaluwihan iku yaiku *responsif*, *adaptif*, manungsa minangka piranti sing bisa ngerteni sakabehe *konteks*, bisa njembarake kawruh kanthi cara langsung, bisa nindakake ngolah lan nganalisis data kanthi cepet lan sapannggalane. Saka kaluwihan-kaluwihan kasebut mula panliti didadekake minangka instrumen utama sajrone panliten.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tata cara sing nggunakake kanggo nglumpukake data dening Endraswara (2008:162-163), diperang dadi telu yaiku :

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngudhal isi crita sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* luwih dhisik nemtokake prekara kang arep dianalisis, prekara kasebut babagan pelanyahan. Panliten iki nemtokake telung prekara kang wigati, yaiku crita ing jagading pelanyahan, aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan, lan aktualitase ing jagading pelanyahan menawa digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca cerbung kasebut kanthi mepeng. Sawise iku ngudhal cerbung kanthi watesan perkara-perkara kang wis ditemtokake.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine sastra tulis, dhata sing arep diteliti arupa dhata-dhata lan perlu anane cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh sing kudu digatekake yaiku : (a) latihan lan persiyapan kang bener saengga bisa nyathet kanthi bener, (b) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, lan (c) nyathet tetembungan kang ora dingerteni.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Teknik analisis dhata sing digunakake ing kene yaiku tintonan sosiologi sastra. Tintonan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki, kaya ing ngisor iki:

- 1) Maca dhata sing awujud cerbung, bisa ditindakake kanthi maca dhata mau bola-bali.
- 2) Nyathet prekara-prekara sosial sajrone sumber dhata sing bakal digunakake ing panliten.
- 3) Ngandharake dhata gegayutan karo undere panliten, yaiku underane utawa crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*.

- 4) Njlentrehake aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*.

- 5) Ngandharake gegayutan aktualitase ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan ing bebrayan.

- 6) Ngandharake asile panliten kanthi luwih cetha adhedhasar underane panliten lan ancane panliten.

Tatacara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Andharan mau awujud deskripsi ngenani undherane crita babagan pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung kang Ilang*, asal mulane dadi wanita lanyah lan cara mentase saka pelanyahan. Pungkasane yaiku gayutane pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan ing bebrayan. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku 1) purwaka; 2) tintonan kapustakan; 3) andharan; 4) prathelan asile panliten lan 5) panutup sing isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Crita Ngenani Jagading Pelanyahan

Perangan sepisan sing bakal dirembug ing bab iki yaiku crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung anggitane Ismoe Rianto kasebut dijlentrehake kanthi maneka perangan. Sesambungan karo mau, kang bakal diajlentrehake ing panliten iki perangan struktural. Ing bab iki njlentrehake pamaragan lan alure sajrone crita kasebut. Panliten ngenani pelanyahan iki kang mligine njlentrehake ngenani crita pelanyahan sajrone cerbung kasebut digunakake pendekatan struktural kang amung njupuk salah sawijining perangan yaiku pamaragan lan alur. Pendekatan struktural ing kene dilebokake kanthi tujuwan mbantu tintonan sosiologi sastra kanggo ngonceki crita ngenani pelanyahan. Utamane pendekatan struktural uga bisa ngonceki sapa paraga kang dadi wanita lanyah lan pawadane dadi wanita lanyah kanthi ringkes. Saka rong perangan kasebut wis bisa meruhi crita ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake siji mbaka siji saka perangan struktur crita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung kasebut.

Aspek-aspek Sosiologis Ing Jagading Pelanyahan

Panliten sabanjure yaiku saka underane kang kapindho ngenani aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan. Ana telung perangan kang bakal diandharake ing bab iki yaiku ngenani pawadan dadi wanita lanyah,

kahanane wanita lanyah, lan pungkasane dadi wanita lanyah. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake ngenani aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang*.

Pawadane Wanita Nglanyah

(1)Wanita Minangka Kurban Perdagangan Wanita/Trafficking

Perangan kang kapisan iki ngenani alasan wanita nglanyah yaiku amarga anane *perdagangan wanita/trafficking*. Negara iki akeh pawongan kang nyambut gawe dadi mucikari, germo, tukang golek mangsa yaiku wanita supaya bisa didadekake wanita lanyah. Tegese *perdagangan wanita* utawa *trafficking* dhewe yaiku penggaweyan kang dilakoni salah sawijining wong kanthi tujuwan ngedol wanita-wanita marang germo/mucikari sarta uga para priya kang kepengin karo wanita kasebut. Wanita ing kene dipadhakake kaya barang sing kena didol tinuku marang wong akeh.

Perdagangan wanita utawa *trafficking* iki uga dadi panyababe wanita sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* dadi wanita lanyah. Paraga Lely kang dadi wanita lanyah nduweni pawadan kena ngapa dheweke bisa nyemplung ing jagading pelanyahan. Wiwitane nalika dheweke lunga tanpa tujuwan banjur ketemu Jarot. Lely sing semaput ana ing terminal, banjur digawa Jarot menyang papan sing wis dicipakake. Ing kana ana wanita setengah tuwa kang aran Mami. Mami ngrumat Lely kanthi dituruti kabeh kepenginan lan kabutuhane. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Pawongan iku lungguhe saya raket, terus ngreti-ngreti wiwit metegi pundhak lan githoke Lely. Ngremet pok jempolane. Kringete Lely gemrobyos, awake anyep njejep. Saka rumangsane sakiwa-tengene kok banjur katon sepi lan peteng.” (JB, 2008:8:23)

“Lawang kamar menga. Ana wong wadon setengah tuwa nyangking piring lan gelas. Lely sing dhasar luwe, ora suwala nalika didulang lan diulungi wedang susu.” (JB, 2008:8:23)

Pethikan mau nuduhake yen Lely diramut ing nggone Jarot lan Mami. Sasuwene Lely wis akrab karo Jarot, dheweke ngrasa ayem nalika cedhak karo Jarot. Ing sawijining dina, Lely dikenalake karo kancane Jarot, banjur diajak mendem nganti wengi. Ing kono Lely wis ora sadhar. Nalika tengah wengi, Lely tangi. Siraha wis sumendhen ing dhadhane wong lanang lan dheweke ora nganggo klambi apa-apa. Sawise lampu

diurupake, Lely kaget banjur ngantemi wong lanang kuwi.

(2)Wanita kang Ringkih

Paraga kang dadi calo yaiku Jarot golek mangsa kang bakal didadekake barang *komoditi*, didol kanthi cara dilacurake. Jarot pacen mawas wanita amung minangka objek seks. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Rumangsa wis ora kuwat ana ngomah, Lely minggat. Jroning kahanan bingung lan putus asa, ing terminal ketemu Jarot... Jarot iku tukang golek mangsa. Lan ing dina-dina sabanjure ora mung kancane Jarot sing teka lan kudu diladeni. Jangkep sewulan banjur diboyong menyang wisma Dahlia.” (JB, 2008:9:23)

Pethikan mau nuduhake ringkihe Lely. Lely krasa abot nglakoni nasibe minangka wanita lanyah. Ora mung amarga risih, dheweke uga krasa digawe dolanan marang para priya. Priya-priya padha sapenake dhewe marang wanita lanyah. Para priya minangka raja, pawongan kang kudu dituruti kekarepane nalika pengin karo wanita lanyah kasebut. Tumindak para priya kang kaya mangkono, ora mung pamawase para priya kang nganggep asor tumrap wanita. Para priya uga nglarani wanita, utamane sisihane. Ora mung para priya sugih wae kang bisa ndadekake wanita minangka objek seks.

(3)Kurban Slingkuh

Bab kang ndadekake Lely bisa ana ing donyane pelanyahan amarga Lely sujana marang sisihane nalika meruhi kwitansi-kwitansi sing ana ing laciné Tanoto. Tanoto minangka sisihane Lely kang disujanani slingkuh karo Pariyem. Partiyem yaiku pegawe ing kantore Tanoto. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Wiwitane ing sawijining esuk, nalika dheweke lagi resik-resik laci kok nemu kwitansi minangka pembayaran babaran Nyonya Tanoto. Lely mendelik. Kwitansi diwaca maneh. Nganti kaping telu. Banjur nemu kwitansi liyane, minangka pembayaran pepriksan wiwit ngandhut, pepriksan rutin, tukon obat, tukon popok, tukon susu, kreta kanggo bayi, kasur, bantal, grita.” (JB, 2008:8:22)

Pethikan mau nuduhake sujanane Lely marang Tanoto. Ing sawijining dina maneh, Partiyem kang dadi slingkuhane Tanoto kirim layang amarga wis suwe ora dikirim dhuwit kanggo dheweke lan Putri anake asil teka slingkuhe. Lely ngamuk banjur ngongkon Tanoto supaya

gelem mungkasi sesambungane karo Partiyem. Dheweke uga gelem ngramut anake Tanoto karo Partiyem amarga sasuwene mangun bale wisma, Lely durung nduweni momongan.

(4)Ekonomi

Salah sawijining pawadan kang ndadekake wanita bisa nglanyah yaiku prekara ekonomi sajrone uripe. Wanita kang kapeksa dadi wanita lanyah jalaran akeh-akehe babagan ekonomi. Kaya ta ing cerbung Mecaki Lurung Kang Ilang, paraga Ermi kang uripe sarwa kacingkrangan, kepengin nyambut gawe dadi TKW. Jarot kang penggaweyane nggoleki wanita supaya bisa didadekake wanita lanyah nduweni cara nawani wanita-wanita kasebut nyambut gawe dadi TKW.

Cara kang kaya mangkono miturute Jarot bisa wae ndadekake wanita-wanita kang nduweni prekara ekonomi sajrone uripe bisa delem lan narik kawigatene para wanita kasebut. Ermi minangka paraga wanita kang diapusi dening Jarot pungkasane gelem nampa tawanane Jarot yen arep ndadekake dheweke TKW. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Ermi dhewe sing sekawit kepengin dadi TKW, tau disanggupi Jarot. Watara seminggu ing omahe Mami, ana tamu lanang sing ngakune tukang ngurusi calon TKW. Ermi diulungi dhuwit. Jarene iku uang makan selagine ngenteni budhal.” (JB, 2008:21:23)

Pethikan mau nuduhake yen Ermi kuwi ditawani Jarot dadi TKW, nanging diinepne omahe dhisik. Pancen Jarot mono wong sing pinter banget olehe arep golek mangsa kang bisa mlebu ing donyane pelanyahan.

Kahanane Wanita Lanyah

(1)Kahanane Wanita Lanyah kanthi Cara Sesandhangan

Wanita lanyah mono akeh-akeh nganggo sandhangan sing mamerake awake. Klambi kang dianggo yaiku modhel klambi sing tanpa lengen katutup. Ana maneh rok sing sandhuwure dhengkul. Kanthi sesandhangan sing kaya mangkono, dikarepake wanita-wanita lanyah bisa ngolehake priya kang dhompete kandel sing kagodha karo dheweke. Sesandhangan kang dianggo wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* yaiku akeh-akehe ndudohake awake.

Carane sesandhangan wanita lanyah kang jenenge Lisa iku mesthi mamerake awake. Kuwi ngono uga saben wengi nganggo sandhangan kaya mangkono, merga Lisa kepengin nggodha para priya kang dhompet kandel. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Kala-kala mandheg, mendelik mencerengi bocah wadon sing

methingkrang. Pamer pupu, ngumbar esem. Ngawe-awe karo nudingi pernah kamar.” (JB, 2008:2:22)

Wanita lanyah kang sesandhangan kanthi cara mamerake awake iku, kadhang kala amarga kongkonan saka germo utawa mucikarine. Dikarepake yen wanita-wanita lanyah kasebut nganggo sandhangan sing kaya mangkono, bisa nuwuhake napsu marang priya kang ngingeti. Miturute wanita lanyah ing cerbung kasebut, kang bisa narik kawigatene para priya yaiku sandhangan kang tanpa lengen utawa clana sandhuwure dhengkul.

(2)Kahanane Wanita Lanyah kanthi Cara Narik Pelanggan

Perangan kaping pindho iki ngenani kahanane wanita lanyah kang diperang adhedhasar carane mligne kanthi cara narik pelanggan. Wanita lanyah nduweni cara kang beda-beda nalika dheweke arep narik kawigatene pelanggan supaya bisa gelem mampir papan kang is ditujokake dening wanita lanyah kasebut. Saliyane nganggo sandhangan kang cekak-cekak lan mamerke awake, wanita lanyah uga kerep meksa, narik-narik tangane para priya supaya gelem karo dheweke. Wanita lanyah uga kerep amung ngawe-awe para priya kang ngliwati wismane.

Wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* iki, uga padha karo wanita-wanita lanyah ing bebrayan. Paraga Lisa, Lely, Ermi lan liyane uga narik pelanggan kanthi cara ngrayu, ngawe-awe, meksa para priya supaya gelem mampir wismane. Akeh-akehe para wanita lanyah nggodha para priya kang praupane ketara priya dhompet kandel. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Panji ngreti-ngreti wis diruket bocah wadon, “Hayo,” cluluke bocah wadon kuwi, sing ora liya kanca sawarunge Lisa dhek emben.” (JB, 2008:4:22)

Pethikan mau nuduhake yen wanita lanyah sajrone cerbung Mecaki Lurung Kang Ilang kasebut nduweni cara kanggo narik kawigatene pelanggan salah sijine kanthi ngrayu. Saliyane iku uga ana cara kang digawe wanita lanyah supaya bisa nggodha para priya. Carane yaiku kanthi swara kang alus lan solah bawane kang ngalem bisa nuwuhake gemese para priya marang wanita lanyah kasebut.

Pungkasane Wanita Lanyah

(1)Mentas saka Pelanyahan

Wanita lanyah pancen ora bisa nulak apamaneh mentas saka donyane pelanyahan, arep metu saka wisma wae wis ditakoni ngalor ngidul. Bab sing siji iki bakal njlentrehake paraga Lely minangka wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* olehe mentas saka donyane pelanyahan. Paraga Lely nduweni

niyat mentas saka pelanyahan sawise ketemu lan kenal sarta uga wis nduweni rasa tresna marang tamu priyane kang aran Rasmoyo. Lely kepengin mbalikne drajate sing biyen dadi wanita apik lan nduwe penggaweyan sing bener. Dheweke uga kepengin ngrasa resik, dadi wanita kang ora nistha neng ngarepe Rasmoyo. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Mula Lely wiwit mikir-mikir. Kudu bisa nimbangi, mbudidaya piye carane dadi wong sing resik. Ora mapan ing panggonan iki. Kabeneran nalika sawijining dina numpak angkot, lungguhe jejer wong wadon setengah tuwa. Sawise caturan ngalor-ngidul, wong kuwi kok ngomong yen nduwe omah sing wis sataun ora ana sing ngenggoni.” (JB, 2008:10:22)

Pethikan mau nuduhake yen paraga Lely wis nduweni niat mentas saka pelanyahan lan dadi wanita sing resik maneh. Dheweke ora gelem yen Rasmoyo sing pawakane resik amung nyawang Lely minangka wanita lanyah kang nistha. Lely kudu bisa dadi wanita apik supaya Rasmoyo gelem nampa dheweke. Sawijining dina, Lely ketemu karo wong wadon setengah tuwa. Saka akehe cecaturan karo wong wadon kuwi, banjur Lely kepengin manggoni omah kang diomongake wong wadon setengah tuwa mau sing wis setaun ora dinggoni. Tekad lan niyate Lely wis kukuh arep mentas saka jagading pelanyahan. Dheweke wis wegah disawang masyarakat dadi wanita kang asor amarga penggaweyan sing dilakoni gara-gara Jarot minangka calo kang wis ndadekake dheweke wanita lanyah.

Gegayutane Aktualitas Ing Jagading Pelanyahan sajrone Cerbung MLKI lan Kanyatan Ing Bebrayan

Babagan iki kang bakal diandharake aktualitas jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* kang digayutake karo aktualitase pelanyahan ing bebrayan. Ing kene kang bakal dijlentrehake perangan-perangan saka aktualitas jagading pelanyahan sajrone cerbung yaiku prekara pawadan dadi wanita lanyah lan pungkasane dadi wanita lanyah. Prekara-prekara kasebut sajrone cerbung iku bakal digayutake karo kanyatan pelanyahan ing bebrayan. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake.

Pawadane Wanita Nglanyah sajrone Cerbung MLKI lan Kanyatan Ing Bebrayan

Perangan sepisan iki bakal njlentrehake babagan pawadane wanita bisa nglanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* banjur digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Saka underan panliten kaloro wis dijlentrehake prekara alasan-alasan wanita nglanyah saka

aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung MLKI.

Pawadane wanita nglanyah sajrone cerbung MLKI kasebut wis dijlentrehake kanthi akeh. Paraga wanita sajrone cerbung MLKI nduweni alasan dhewe-dhewe olehe bisa dadi wanita lanyah. Alasan-alasan kasebut yaiku wanita minangka kurban *perdagangan wanita* utawa *trafficking*, sipat wanita kang ringkih, dislingkuhi sisihane lan prekara ekonomi. Ing ngisor iki salah sawijining pethikan kang nggambarake kahanan nuduhake yen paraga wanita kang bisa nglanyah amarga wis dadi kurban *perdagangan wanita* utawa *trafficking*.

“Kula akeni, kula pancen natos dados pelanyahan... Dados tiyang ngeten niku nggih sanes kekajengan kula piyambak, Bu. Wong kula dilorobne tiyang.” (JB, 2008:16:22)

Pethikan mau nuduhake yen paraga wanita sajrone cerbung MLKI wis dadi kurban saka *perdagangan wanita* utawa *trafficking*. *Perdagangan wanita* utawa *trafficking* yaiku salah sawijining penggaweyan kanggo njlomprongake wanita-wanita ing jagading pelanyahan. Paraga ing pethikan mau wis nuduhake yen sejatine dheweke ora niat dadi wanita lanyah, nanging kuwi kabeh amarga dheweke wis dadi kurban pawongan kang nglorobake ing jagading pelanyahan.

Ing kanyatan bebrayan uga kerep wanita kuwi minangka kurban saka *perdagangan wanita* utawa *trafficking*. Akeh pawarta-pawarta kang ana ing tipi, koran, majalah lan liya-liyane ngenani *perdagangan wanita*. Wanita-wanita kasebut didadekake wanita lanyah kang sadurunge ditawani bakal diwenahi penggaweyan sing bener. Ing ngisor iki pethikan kang nggambarake wanita ana ing kanyatan bebrayan minangka kurban saka *trafficking* kasebut.

“Korban-korban yang dijanjikan untuk bekerja di salon atau restoran dengan bayaran yang lumayan besar, tetapi kenyataannya hanya dijadikan PSK.” (Surya, 2014:16)

Terjemahan:

“Para kurban kasebut dijanjeni mergawe ing salon utawa restoran kanthi opah kang gedhe, nanging kanyatane didadekake wanita lanyah utawa PSK.” (Surya, 2014:16)

Pethikan mau nuduhake yen wanita ing kanyatan uga ana kang dadi kurban saka *perdagangan wanita* utawa *trafficking*. Saliyane iku akeh wanita-wanita ing bebrayan kang dadi wanita lanyah amarga saka *perdagangan wanita*. Wanita mono pancen dadi

inceran utawa mangsane para calo sing bakal ndadekake wanita lanyah utawa PSK.

Pungkasane Wanita Lanyah sajrone Cerbung MLKI lan Kanyatan Ing Bebrayan

Perangan sing kaloro iki bakal dijlentrehake prekara pungkasan wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* lan pungkasan wanita lanyah ing bebrayan. Pungkasan wanita lanyah iku ana loro yaiku mentas saka donyane pelanyahan lan kukuh ing donyane pelanyahan.

Paraga wanita sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* iki amung dijlentrehake yen wanita kasebut mentas saka donyane pelanyahan. Ora ana kahanan kang njlentrehake prekara wanita kang kukuh saka donyane pelanyahan. Sejatine wanita-wanita kang wis kacemplung ing donyane pelanyahan, akeh-akehe kepengin mentas saka penggaweyan nistha kasebut, nanging uga ana sing kepengin tetep nyambut gawe ing kana jalaran yen wis mentas saka pelanyahan kuwi ora gampang golek gaweyan maneh.

Ing kene kahanan kang nggambarake paraga wanita sajrone cerbung MLKI kasebut kang mentas saka donyane pelanyahan bakal dijlentrehake. Pethikan ngisor iki bakal nuduhake niyatan wanita lanyah sajrone cerbung kasebut mentas saka pelanyahan.

“Tekade wis gilig, arep bali mecaki dalan panguripan sing bener kanthi awak sing resik. Mula, sadurunge patang sasi kudu duwe gawean kang gumathok. Yen wektu lodhang, Lely uga nggethu njait. Sawise rong ndina, dhaster cacah wolu katon dipajang, melu-melu ngrenggani kiose.” (JB, 2008:14:23)

Pethikan mau nuduhake yen paraga wanita sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* wis nduwe niyatan mentas saka pelanyahan. Niyatan kuwi uga diwujudake dheweke kanthi mergawe sing bisa kanggo nyambung uripe sawise dheweke dadi wanita lanyah.

Kahanan kang kaya mangkono kang dilakoni dening paraga wanita sajrone cerbung mau, uga kerep ditindakake dening wanita-wanita ing bebrayan. Wanita-wanita kang nduwe niyatan mentas saka pelanyahan kuwi yaiku wanita kang kepengin resik. Ora pengin nistha maneh ing Ngarsane Gusti. Ing ngisor iki pethikan kang nuduhake kanyatane wanita ing bebryan sing mentas saka pelanyahan.

“Dulu dia bukan PSK atau pelacur, tetapi dikarenakan dia datang dari desa dan sekarang tinggal di kota, lalu dia dijadikan pelacur. Sari tidak bisa meneruskan pekerjaannya di tempat pelacuran. Dia melarikan diri dari

tempat tersebut dan melaporkan kepada polisi.” (Jawa Pos, 2014:53)

Terjemahan:

“Biyen dheweke dudu wanita lanyah, nanging jalaran dheweke saka desa lan plesir menyang kutha, banjur ndadekake dheweke minangka wanita lanyah. Sari ora bisa nerusake penggaweyane ing donyane pelanyahan. Dheweke mlayu saka papan kang nistha kasebut banjur nglapurake menyang polisi.” (Jawa Pos, 2014:53)

Pethikan mau nuduhake yen kanyatan wanita ing bebrayan uga ana lan akeh wanita sing mentas saka donyane pelanyahan. Wanita kasebut isih mikirake dosa kang bakal ditebus mbesuk upama dheweke wis ora ana ing donya iki maneh. Ing ngisor iki uga ana maneh pawarta wanita kang tobat swise ketemu karo priya kang nduwe warung kopi.

Wanita lanyah kang isih kukuh ing jagading pelanyahan sajrone bebrayan mesthi wegah yen papan panggonan utawa wismane kuwi ditutup dening pamarintah. Kayata ing lokalisasi dolly, ora mung wanita lanyah sing ora kepengin wismane ditutup, nanging kang luwih nyengkuyung supaya *lokalisasi* kuwi tetep dibukak yaiku mucikari utawa germone. Mucikari padha bingung yen *lokalisasi* kasebut ditutup amarga ora antuk dhuwit maneh. Sedina wae para mucikari bisa ngentukake dhuwit atusan ewu. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Ratusan PSK dan Mucikari menggelar upacara bendera di Dolly, Surabaya, Jawa Timur. Aksi tersebut merupakan wujud penolakan para PSK dan mucikari kepada Pemerintah yang sudah menutup Dolly. Semua mucikari sepakat akan menutup wismanya selama bulan puasa hingga lebaran untuk menghormati masyarakat yang menjalankan puasa.” (Surya, 2014:1)

Terjemahan:

“Atusan wanita lanyah lan Mucikari padha nggelar upacara gendera ing Dolly, Surabaya, Jawa Timur. Aksi kasebut wujud nulake wanita lanyah lan mucikari marang Pamarintah kang wis nutup Dolly. Kabeh mucikari bakal nutup dhewe wismane nalika sasi pasa nganti bada kanggo ngormati masyarakat kang nindakake pasa.” (Surya, 2014:1)

Pethikan mau nuduhake yen isih akeh kanyatan ing bebrayan kang ora sarujuk yen lokalisasi

iku ditutup dening Pamarintah. Mucikari minangka Ketuane saka wanita-wanita lanyah rumangsa rugi yen lokalisasi ditutup. Kahanan mau uga nuduhake yen para wanita lanyah lan mucikari isih tetep ngormati sasi pasa lan bakal tutup nganti sawise bada. Mucikari lan wanita lanyah tetep nduweni rasa kurmat marang masyarakat kanthi sarat *lokalisasine* ora ditutup.

PANUTUP

Dudutan

Saka asile njlentrehake wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitane Ismoe Rianto kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut telung peranan. Sepisan, Cita ngenani jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* bisa diperang dadi loro kanthi pendekatan struktur kang tujuwane mbantu tintingan sosiologi sastra kanggo ngonceli cita ing jagading pelanyahan, yaiku 1) pamarangan; 2) Alur. Cita sejatine arupa panjlentrehan utawa urutane gagasan kang nduweni urutan kang wiwitan, tengah, lan pungkasan saka kedadeyan.

Kaloro, aspek-aspek sosiologis ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* ana telu, yaiku 1) pawadane wanita nglanyah; 2) kahanane dadi wanita lanyah; 3) pungkasan dadi wanita lanyah. Ing kene alasan wanita nglanyah bisa diperang dadi papat, yaiku wanita minangka kurban *perdagangan wanita* utawa *trafficking*; wanita kang ringkih; dislingkuhi; lan ekonomi. Perangan sabanjure kahanane wanita lanyah kang ana loro, yaiku kahanane wanita lanyah kanthi cara sesandhangane lan kahanane wanita lanyah kanthi cara narik pelanggan. Perangan katelu pungkasan wanita lanyah kuwi ana siji, yaiku mentas saka pelanyahan.

Katelu, gegayutane aktualitas ing jagading pelanyahan sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* karo kanyatan ing bebrayan ana loro, yaiku 1) pawadane wanita nglanyah sajrone cerbung MLKI lan kanyatan ing bebrayan; 2) pungkasan wanita lanyah sajrone cerbung MLKI lan kanyatan ing bebrayan. Wanita lanyah sing ana ing cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* dikarepake bisa menehi gambaran marang wanita-wanita kang ana ing bebrayan. Pelanyahan sajrone cerbung kasebut lan sing ana ing kanyatan bebrayan uga memper babagan pawadane wanita nglanyah uga diwawas saka pungkasan dadi wanita lanyah.

Pelanyahan ing bebrayan uga ana pawadane wanita nglanyah yaiku perdagangan wanita utawa trafficking, wanita kang ringkih, kurban slinkuh, lan ekonomi kaya dene sajrone cerbung kasebut. Ing kanyatan uga ana ungasane dadi wanita lanyah kang ngandharake wanita lanyah kang mentas saka jagading pelanyahan lan kukuh ing jagading pelanyahan, nanging

sajrone cerbung ora diandharake prekara kukuh ing jagading pelanyahan.

Saka telung peranan kasebut bisa dingerteni menawa wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitane Ismoe Rianto bisa diwawas kang paling wigati ngenani donyane pelanyahan yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Uwal saka bab iku kabeh, pelanyahan sajrone cerbung kasebut menehi werna sajrone ngrembakane sastra Jawa modern mligine cita sambung.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana peranan-peranan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo nemokake wanita lanyah sajrone cerbung *Mecaki Lurung Kang Ilang* anggitane Ismoe Rianto luwih nggayutake tumrap maneka realitas sosial sing ana sajrone bebrayan. Panliten ngenani pelanyahan isih prelu ditindakake kanggo ngerteni pangrembakane prekara sosial sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten bab pelanyahan sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih prelu ditindakake kanggo ngerteni maneka cita ngenani jagading pelanyahan kang ana sajrone jinis-jinis genre sastra. Pelanyahan sajrone cerbung bisa ditindakake kanggo ngerteni alasan-alasan kang ndadekake wanita nglanyah sarta pungkasan dadi wanita lanyah. Panliten ngenani pelanyahan iki bisa kanggo ngerteni tanggepane masyarakat tumrap anane wanita lanyah ing bebrayan. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi, dene sajrone sekolahan pelanyahan dirasa kurang pas kanggo didadekake bahan pasinaon.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru
- Anniza. 2014. *Gelar Upacara Bendera, PSK Deklarasikan Dolly Kembali Dibuka*. Surabaya: Surya
- Darni, M. Hum. 2012. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa. Modern*. Surabaya: Putra Media Nusantara
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan

- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Erika. 2014. *PSK DOLLY WADUL SBY DAN KOMNAS HAM*. Surabaya: Radar Surabaya
- Faruk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Handayani, Christina S, Ardhian Novianto. 2004. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta: PT LkiS Pelangi Aksara Yogyakarta
- Hartoko, Dick dan B. Rahmanto. 1986. *Pemandu di Dunia Sastra*: Yogyakarta: Kanisius
- Hutomo, Suripan Sadi. *Sosiologi Sastra Jawa*. 1997. Jakarta: Balai Pustaka
- Jabrohim. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jogjakarta: Handinita Graha Widya
- Kutha Ratna, Nyoman. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar
- Kutha Ratna, Nyoman. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Munir, Fuady. 2011. *Teori-teori Dalam Sosiologi Hukum*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Penyusun, Tim. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press
- Pradopo, Rahmad Djoko. 2003. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Rianto, Ismoe. 2008. *Mecaki Lurung Kang Ilang*. Surabaya: Jaya Baya
- Sifah. 2014. *Insaf setelah Menikah dengan Pemilik Warkop*. Surabaya: Radar Surabaya
- Soekanto, Sardjono. 1994. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Sunarto, Kamanto. 2011. *Sosiologi the Basics*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Supomo. 2014. *89 Warga Dolly Jadi Linmas*. Surabaya: Jawa Pos
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya Girimukti Pusaka
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia
- <http://www.anneahira.com/pelacur.htm>
- <http://www.kepository.usu.ac.id/bitstream/123456789/34615/5/chapter%20/.pdf>
- <http://www.dekanio.blogspot.com/2010/11/permasalahan-tentang-pelacuran.html>
- <http://www.e-jurnal.com/2013/09/faktor-faktor-penyebab-pelacuran.html>
- <http://www.deliknews.com/2013/12/17/soal-penutupandolly-walikota-risma-menclamencle>